Quiet Waters Elementary School
Plan Angajman Paran ak Fanmi onivo Lekòl (PFEP)
2026-2027

[School-Level Parent and Family Engagement Plan (PFEP) 2026-2027]

Deklarasyon Misyon

Vizyon: Kreye yon anviwònman pozitif pou ansèyman ak aprantisaj ki ankouraje elèv ki motive tèt yo epi ki aprann pandan tout lavi yo.

Misyon: Elèv, pèsonèl, paran, ak kominote Lekòl Elemantè Quiet Waters ap fè efò pou asire tout elèv rive nan potansyèl maksimòm yo nan yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay swen.

- *Nou kwè ladrès debaz nan lekti, ekriti, ak matematik se fondasyon edikasyon an.*
- *Nou kwè tout manm kominote lekòl la dwe respekte tèt yo ak lòt moun.*
- *Nou kwè desizyon edikasyon yo dwe baze sou bezwen endividyèl chak elèv.*
- *Nou kwè paran yo, pèsonèl la, elèv yo, ak kominote a se yon ekip ki pataje responsablite pou siksè chak elèv.*
- *Nou kwè se responsablite nou pou n reponn ak defi chanjman yo epi rete okouran de rechèch ak estrateji edikasyon ki aktyèl.*
- *Nou kwè yon anviwònman ki an sekirite epi ki bay soutyen nesesè pou ankouraje aprantisaj.*
- *Nou kwè li enpòtan pou kreye yon anviwònman ki aksepte epi respekte divèsite tout moun.*
- *Nou kwè klas sipò kourikoulòm yo jwe yon wòl enpòtan nan yon edikasyon ki byen balanse.*

Angajman Paran ak Fanmi

Quiet Waters Elementary School va kolabore ak paran nan yon fason òganize, kontini epi nan delè rezonab, nan plannifikasyon, revizyon ak amelyorasyon divès pwogram pou pati sa, ikonpri plannifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon adopsyon politik ak regleman sou angajman paran ak fanmi epitou kolaborasyon fanmi nesesè nan preparasyon plan pwogram pou tout lekòl la nèt anba seksyon 1114(b) esepte lè yon pwogram lekòl jwenn yon egzansyon selon dispozisyon lalwa oubyen reglemantè, pou pwogram-yo lekòl la ka itilize pwosesis ki dekri pouvike gen reprezantasyon adekwa paran timoun patisipan [Seksyon 1116(c)(3), 1114(b)(2), and 1116(a)(2)(B)].

Y ap envite epi ankouraje paran yo pou yo vin manm aktif nan Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC). Nan reyinyon SAC yo, y ap bay paran yo enfòmasyon sou alokasyon Tit I lekòl la (ki gen ladan alokasyon pou devlopman pwofesyonèl ak patisipasyon paran). Paran yo ap gen dwa bay opinyon yo nan pwosesis devlopman ak pran desizyon pou tout aktivite Tit I ki gen rapò ak lekòl la. Y ap fè yon evalyasyon chak ane atravè yon sondaj paran yo, pèsonèl la, ak elèv yo ranpli. Y ap analize rezilta yo pou evalye efikasite pwogram patisipasyon paran lekòl la.

Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Quiet Waters Elementary School va kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite ki angaje paran nan kad efò pou anseye paran sou jan yo ka ede pitit-yo lakay, nan mezi sa posib e apwopriye, enkli men pa limite ak, lòt pwogram federal tankou: Head Start; Early Reading First; Even Start; Pwogram enstriksyon lakay pou timoun nan preskolė (HIPPY); Pwogram Paran kòm Pwofesė; Pwogram preskolė Voluntary Pre-Kindergarten; pwogram preskolė lekòl piblik; pwogram Title I, Part C (Migrant); Title I, Part D (Neglected, Delinquent and At-Risk Youth); Title II (Effective Instruction/Professional Development); Title III (ELL/ESOL); Title IX, Part A (McKinney-Vento Homeless)[Seksyon Iwa 1116(e)(4)].

Konte	Pwogram	Kowòdinasyon
1	Head Start	Pou asire preparasyon pou lekòl, Pwogram Head Start la bay kourikoulòm alfabetizasyon, matematik, ak syans ki aliyen ak estanda nasyonal K-3 yo pou amelyore rezilta edikasyon yo. Koneksyon sa a ant kourikoulòm yo ak sa yo atann pou timoun yo ede prepare elèv yo pi byen pou yo reyisi nan Jadendanfan. Nan fen ane a, yo mete yon rapò Creative Curriculum Continuum, ki bay detay sou evalyasyon kontinyèl elèv yo, nan dosye pèmanan elèv la pou ede pwofesè Jadendanfan yo konnen pwogrè elèv Head Start yo nan pwogram nan.
2	Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap (IDEA)	Sipò enstriksyon siplemantè lekòl la bay ap diskite ak paran yo pandan y ap devlope IEP elèv la.
3	Tit III (ESOL)	Elèv ELL yo resevwa lekti ak langaj (devlopman lang) anba enstriksyon yon pwofesè ESOL ki sètifye.
4	Tit I, Pati A (Lajan Tit I nòmal)	Lajan Tit I yo bay pwofesè anplis pou ede elèv yo, sitou elèv ki gen pèfòmans ba. Lajan Devlopman Pèsonèl yo sèvi pou devlope yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl konplè pou amelyore fason yo bay enstriksyon, atravè divès atelye ki fèt pou mennen pwofesè yo rive nan nivo mèt epi amelyore siksè elèv yo. Lajan pou Patisipasyon Paran yo sèvi pou finanse sware akademik pou paran yo ki bay paran yo nouvo ladrès pou sipòte aprantisaj pitit yo lakay. Ogmante frekans ak kalite patisipasyon fanmi yo epi ranfòse alfabetizasyon fanmi yo se lòt objektif nan

		konpozan patisipasyon paran nou an. Lajan yo sèvi pou achte manje, founiti/materyèl, epi bay sipleman pou pwofesè ki prezantatè yo.
5	*Tit II (Devlopman pwofesyonèl distri a)*	Pwofesè yo patisipe nan atelye distri a devlope sou enstriksyon diferansye ak fòmasyon sou estanda akademik yo.
6	*Tit X (San Kay)*	Pwofesè yo ak manm pèsonèl yo responsab pou ede idantifye elèv san kay epi voye yo bay pwogram Edikasyon pou Elèv San Kay distri a. Objektif pwogram nan se idantifye elèv san kay, retire baryè pou edikasyon yo (tankou enskripsyon nan lekòl), bay yo sèvis akademik siplemantè ak sèvis jesyon ka (konsèy), epi konekte yo ak travayè sosyal lekòl la, pandan y ap kenbe lekòl la kòm anviwònman ki estab pou elèv la.
7	*Enstriksyon Akademik Siplemantè (SAI)*	Lajan SAI yo itilize pou finanse sipò anplis pou ede elèv k ap lite. Yo itilize lajan yo tou pou bay plis leson patikilye anvan ak apre lekòl pou elèv ki frajil.
8	*Pwogram Prevansyon Vyolans*	Lekòl Elemantè Quiet Waters mete an aplikasyon Kòd Konduit Elèv Konte a epi li suiv Matris Disiplin Distri a. Lekòl nou an ranfòse Politik Distri a kont Entimidasyon epi li gen zewo tolerans pou entimidasyon ak vyolans. Pwogram prevansyon entimidasyon yo jwenn sipò atravè Youth Crime Watch, Pwogram Konsèy Ant-Kamarad/Medyasyon Konfli, envite (oratè) espesyal, ak asanble elèv yo. Lekòl Elemantè Quiet Waters bati yon kilti prevansyon vyolans atravè ansèyman nan klas sou jesyon kòlè, rezolisyon konfli, prevansyon entimidasyon, ak karaktè/trèt konte Broward adopte yo. Anplis ansèyman nan klas la, tout pwofesè ak manm pèsonèl yo resevwa fòmasyon sou politik kont entimidasyon an ak fòmasyon CHAMPS I. Ladrès lavi ak byennèt se yon konsantrasyon nan chak klas, ansanm ak aplikasyon pwogram nan tout lekòl la tankou Start with Hello!
9	*Pwogram Nitrisyon*	Pwogram nitrisyon ak edikasyon sou sante se yon pati enpòtan nan Pwogram Atizay Entegre nou an, sitou atravè kourikoulòm Edikasyon Fizik la.

Reyinyon chak ane pou Paran

Quiet Waters Elementary School va pran yon seri mezi pou konvoke chak ane yon reyinyon, lekòl la dwe lanse envitasyon bay tout paran timoun patisipan epi li dwe ankouraje paran ak responsab vin patisipe nan reyinyon an, nan bi enfòme paran sou patisipasyon lekòl-la anba seksyon lalwa sa epitou pou esplike kondisyon pwogram ak aktivite pati sa, epi esplike dwa paran ki pran angajman patisipe. Enkli aktivite ak/oswa aktivite espesifik, frekans ak dire aktivite, rechèch baze sou evidans pou enplemantasyon

epi konsève dokimantasyon, epitou asire tout paran ak gadyen envite epi prezan nan reyinyon an paske yo te jwenn ankourajman [Section 1116(c)(1)].

Aktivite espesifik	Frekans ak dire	Rechèch baze sou evidans	Evalyasyon enplemantasyon ak efikasite
Flyè reyinyon	Nan fen mwa Out	Parent Communication in Schools: What Works Today (2025) edcircuit.com /parent-communication-in-schools-streamlining-updates/	Fèy siyati paran; ajanda pou debrifing reyinyon ekip; minit/nòt ak fèy siyati
Anons (Panèl/Marquee, Sitwèb & Parent Link)	Nan fen mwa Out	10 Ways to Improve Family Engagement in Schools (2024) parentsquare.com/blog/10-ways-to-improve-family-engagement-in-schools/	Fèy siyati paran; ajanda pou debrifing reyinyon ekip; minit/nòt ak fèy siyati
Devlope yon ajanda & fèy siyati	Nan fen mwa Out	10 Ways to Improve Family Engagement in Schools (2024) parentsquare.com/blog/10-ways-to-improve-family-engagement-in-schools/	Fèy siyati paran; ajanda pou debrifing reyinyon ekip; minit/nòt ak fèy siyati
Reyinyon Piblik Anyèl Tit I	Nan fen mwa Septanm	10 Ways to Improve Family Engagement in Schools (2024) parentsquare.com/blog/10-ways-to-improve-family-engagement-in-schools/	Fèy siyati paran; ajanda pou debrifing reyinyon ekip; minit/nòt ak fèy siyati

Reyinyon pou Paran avèk orè fleksib

Quiet Waters Elementary va òganize yon seri reyinyon ak orè fleksib, reyinyon lematen oswa aswè, anba seksyon lwa a, lekòl la ka itilize lajan pou bay fanmi transpòtasyon, gadri, oswa fè vizit lakay, tout se sèvis ki anrapò ak patisipasyon paran [Section 1116(c)(2)].

Lekòl Elemantè Quiet Waters pral òganize reyinyon nan plizyè lè pou adapte ak fanmi yo. Y ap fè oryantasyon pou paran pa nivo klas pou eksplike patisipasyon lekòl la nan pwogram Tit I epi pou ankouraje patisipasyon paran yo nan revizyon ak nan mete ajou Plan Tit I la. Pwofesè yo ap fè konferans endividyèl ak paran yo pou revize rezilta evalyasyon elèv yo, entèvansyon enstriksyon, ak objektif akademik yo. Paran yo ap resevwa tou konsèy sou kijan pou soutni aprantisaj lakay, tankou atant sou devwa ak pwosedi nòt yo. Anplis, lekòl la ap ofri yon atelye anyèl sou evalyasyon nan tout eta a, estanda akademik, ak mezi responsabilite, ansanm ak lòt fòmasyon akademik.

Ranfòse kapasite

Quiet Waters Elementary School va mete anplas aktivite ki va ranfòse kapasite pou

patisipasyon paran yon fason efikas epitou li va fòme yon patenarya ant lekòl, paran ak kominote nan bi amelyore akonplisman akademik elèv, chak lekòl ak ajans edikasyonèl lokal ka ede dapre seksyon lwa – [Section 1116(e)]. Dekri ki aksyon ak mezi lekòl la va pran pou founi materyèl edikatif ak fòmasyon ki va ede paran travay ak pitit yo nan kad efò amelyore rannman akademik pitit-yo; atelye fòmasyon nan literasi ak jan pou itilize teknoloji ka ede fanmi [Section 1116(e)(2)].

Aktivite espesifik	Frekans ak dire	Rechèch baze sou evidans	Evalyasyon enplementasyon ak efikasite
Kominikasyon efikas	Yon fwa; Out 2026	Moreland University (2024). Building strong parent-teacher relationships in the 2024–2025 school year. https://moreland.edu/resources/blog-insights/building-strong-parent-teacher-relationships-in-the-2024-2025-school-year	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Sekirite lekòl	Kontinyèl; Out 2026–Me 2027	U.S. Department of Education (2025). Safe school environments. https://www.ed.gov/teaching-and-administration/safe-learning-environments/safe-school-environments	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Teknoloji	Kontinyèl; Out 2026–Me 2027	ParentPowered® (2023–2025). Family engagement resources supporting student learning. https://parentpowered.com	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Evalyasyon Leta / Estanda B.E.S.T.	Kontinyèl; Out 2026–Me 2027	FL FAST (2024) https://flfast.org	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Syans Lekti	Kontinyèl; Out 2026–Me 2027	Science of Reading (2024) https://scienceofreading.amplify.com/	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Enstriksyon Matematik Vize	Kontinyèl; Out 2026–Me 2027	Association of Mathematics Teacher Educators (2024). The AMTE Handbook of Mathematics Teacher Education. https://amte.net/content/amte-handbook-mathematics-teacher-education	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Estrateji ESOL	Kontinyèl; Out 2026–Me 2027	ELLevation Website (2024) https://ellevationeducation.com/	Fèy siyati & evalyasyon atelye

Fòmasyon ak Trening Estaf

Quiet Waters Elementary School va ofri trening sa-yo pou enfòme pwofesè, pèsonèl sipò enstriksyon ki espesyalize, direktè lekòl ak lòt estaf epi avèk konkou paran, trening-yo va esplike enpòtans ak itilite apò paran, kijan pou kontakte, kominike avèk, epi kolabore ak paran kòm patnè egalego, egzekite epi kowòdone pwogram pou paran epitou jan pou tabli bon relasyon ant paran ak lekòl-yo [Section 1116(e)(3)].

Aktivite espesifik	Frekans ak dire	Rechèch baze sou evidans	Evalyasyon enplemenatasyon ak efikasite
Evalyasyon Leta/ Estanda B.E.S.T. B.E.S.T. Standards	Out 2026–Me 2027	Institute of Education Sciences (2024). Resource Roundup: College and Career Readiness Guidance for Families https://ies.ed.gov/learn/blog/resource-roundup-college-and-career-readiness-guidance-families-and-education-leaders Understanding Florida Statewide Assessment Reports for Families (May 2024) https://flfast.org/content/contentresources/en/Understanding%20Florida%20Statewide%20Assessments%20Reports_For%20Families_Final_05224_WT_r1g.pdf	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Akademi/Sipò Teknoloji pou Paran	Out 2026–Me 2027	OneGoal (2024). College and Career Readiness: Parent Resources https://www.onegoal.org/about/blog/college-and-career-readiness-parent-resources/	Fèy siyati & evalyasyon atelye
Sware Kourikoulòm	Oktòb 2026–Fevriye 2027	2024–25 FAST Grades 3–10 Fact Sheet (Sept 2024) https://www.fldoe.org/core/fileparse.php/20102/urlt/2425FASTGrd310FS.pdf Understanding FAST K–2 Student Reports for Families (May 2025) https://flfast.org/content/contentresources/en/Understanding%20FAST%20K-	Fèy siyati & evalyasyon atelye

		2%20Reports_For%20Families_2025_053025_508.pdf Edutopia: "5 Culturally Responsive Family Engagement Strategies" (Sept 2024) https://www.edutopia.org/article/5-culturally-responsive-family-engagement-strategies Harvard GSE: "Innovative Approaches to Family and Community Engagement in Schools" (Oct 2024) https://www.gse.harvard.edu/ideas/education-now/24/10/innovative-approaches-family-and-community-engagement-schools	
Konpetans Lavi & Byennèt	Out 2026–Me 2027	OneGoal (2024). College and Career Readiness: Parent Resources https://www.onegoal.org/about/blog/college-and-career-readiness-parent-resources/	Fèy siyati & evalyasyon atelye

Lòt Aktivite

Quiet Waters Elementary School va kowòdone ki wòl ki apwopriye pou òganizasyon ak biznis kominote a ki enplike nan aktivite angajman paran; lekòl-la va òganize lòt aktivite nan Sant resous pou paran, lekòl la va òganize yon seri aktivite pratik pou ankouraje epi soutni patisipasyon paran nan edikasyon pitit yo; lekòl la va founi tout lòt èd ak sipò ki posib e rezonab pou aktivite patisipasyon paran nan edikasyon pitit yo, paran yo ka fè demand la anba seksyon lwa [Sections 1116(e)(4), 1116(e)(13) and 1116(e)(14)].

Aktivite	Etap espesifik	Moun ki responsab	Delè	Dokimantasyon/Evalyasyon
Sant Resous Paran Vityèl Tit I	Enfòme paran yo sou sèvis la	Administrasyon	Chak mwa	Rapò Parent Link / Sitwèb
Sitwèb Klas ak Nivo Klas	Mete sitwèb yo ajou ak pwosedi klas la, kourikoulòm (enfòmasyon	Administrasyon; Pwofesè Klas yo	Chak semèn / chak mwa selon bezwen	Done ki sòti nan kontè sit la sou kantite vizitè ki konekte

	sou evalyasyon), devwa chak jou, ak pwojè espesyal.			

Kominikasyon

Quiet Waters Elementary School va bay paran elèv patisipan [Section 1116(c)(4)]:

- *Enfòmasyon atan osijè pwogram dapre seksyon sa [Section 1116(c)(4)(A)];*
- *Yon deskripsyon ak esplikasyon kourikoulòm (pwogram etid) yo anseye nan lekòl la, fòm tès evalyasyon akademik ki itilize pou mezire pwogrè elèv-la, nòt ak rezilta obteni nan tès Leta ki teste nivo konesans selon nòm 1116(c)(4)(B)];*
- *Si paran-yo fè demann-la, lekòl-la va bay opòtinite òganize regilyèman reyinyon kote paran ka bay opinyon ak lide yo epi patisipe, kòmsadwa, nan priz desizyon anrapò ak edikasyon pitit-yo; lekòl-la va reponn a tout sijesyon ositoke sa posib [Section 1116(c)(4)(C)]; epi*
- *Si plan ak pwogram lekòl la anba Section 1114 (b) pa nan satisfaksyon paran elèv patisipan, soumèt kòmantè paran fè sou plan an lè lekol-la va mete plan an aladispozisyon ajans edikasyon lokal [Section 1116(c)(5)].*

Quiet Waters Elementary School ap bay Plan Patisipasyon Paran Lekòl la an Anglè, an Panyòl, an Pòtigè, ak an Kreyòl Ayisyen. Y ap voye yon avi bay paran yo sou plan an atravè Parent Link, sitwèb lekòl la, epi y ap mete l disponib nan antre prensipal (lobi) lekòl la. Tout korespondans konsènan reyinyon paran yo ap prepare nan lang yo mansyone pi wo a epi y ap distribye bay paran yo pou ogmante patisipasyon. Y ap gen tradiktè disponib nan tout reyinyon paran yo, epi y ap disponib lè sa nesesè.

Aksesibilite

Quiet Waters Elementary School va ofri plen opòtinite pou patisipasyon nan aktivite angajman pou tout paran ak manb fanmi-yo (enkli paran ak manm fanmi ki gen konpetans limite nan lang angle, ki andikape ak manb fanmi timoun migran). Epitou bay enfòmasyon ak rapò lekòl dapre seksyon 1111 nan yon fòma ki aksesib, epi nan mezi sa posib, nan yon langaj fanmi sila ka konprann [Section 1116(f)].

Quiet Waters Elementary School ap bay enfòmasyon sou pwogram Tit I yo nan yon delè apwopriye, avèk plizyè mwayen kominikasyon (Parent Link, sitwèb lekòl la, reyinyon). Enfòmasyon sou pwogram Tit I yo, pwogram akademik yo, Estanda Florida B.E.S.T. yo, Atant pou Nivo Klas yo (GLE), ansanm ak fòm evalyasyon akademik yo, ap pataje ak paran yo pandan Open House / Reyinyon Enfòmasyon Tit I, konferans paran-pwofesè, epi nenpòt lòt lè yon paran mande enfòmasyon sa yo. Pwofesè nan klas yo ap eksplike epi diskite

kourikoulòm lekòl la, Estanda Florida State B.E.S.T. yo, GLE yo, ak kalite evalyasyon yo itilize pou mezire pwogrè elèv yo pandan Open House. Pwofesè Tit I yo ak administrasyon an ap eksplike pwogram Tit I yo ak opòtinite ki disponib yo nan Reyinyon Piblik Tit I a. Paran yo ap gen opòtinite pou poze kesyon pou ede yo konprann tout pwen yo diskite nan Reyinyon Piblik Anyèl Tit I a. Done Evalyasyon Leta yo ap pataje, ansanm ak estati sougwoup yo, atravè sitwèb lekòl la.

Kontra Lekòl-Paran

Kòm yon konpozan plan angajman paran onivo lekòl, chak lekòl va devlope an kolaborasyon, avèk paran tout timoun ke lekòl la sèvi, yon kontra lekòl-paran, ki esplike kijan paran, estaf lekol-la nèt, epi elèv-yo va pataje responsablite amelyore akonplisman ak rannman akademik elèv dapre seksyon *[Section 1116(d)].*

Soumèt, selon yon mwayen elektwonnik, kontra lekòl-paran (School-Parent Compact) bay ajans LEA, anmenmtan soumèt evidans ki montre paran bay lide ak opinyon yo nan devlopman kontra a.

Adopsyon

Yo te devlope Plan Angajman Paran onivo Lekòl an kolaborasyon ak, epi annakò ak, paran elèv patisipan nan Title I, pwogram Part A; Komite Konsiltatif (School Advisory Council) soumèt, kòm evidans, kontrandi final reyinyon an.

Lekòl-la te adopte plan sa le ___*(03/24/26)*___ epi plan an va an vigè diran ane eskolè 2026-2027. Le 30 Septanm, 2026 oswa anvan sa, lekòl-la va mete plan aladispozisyon tout paran elèv patisipan ki nan pwogram Title I, Part A.

Siyati Direktè Lekòl	***Dat*** 3/26/26
SAC Chairperson	***Dat*** 3/26/26